Frères carmes déchaux du Sénégal
Keur Mariama
Ndiaffate
BP 214 Kaolack

Toor tooru Karmel

CHANTS DU CARMEL EN WOLOF

LIVRET DE PARTITIONS

Ňówal Xel mu Sell mi

Texte : Tradition catholique

Musique : Jean Niakhar et Mathieu Diégane Faye



Ňówal Xel mu Sell mi
feesalal sa xolu taalibe yi
Ňówal Xel mu Sell mi
Taalal ci ñoom sa safaras Cofeel.
Yónnil Borom bi, sa Xel mu Sell mi,
Te lépp dina bindu
Yónnil Borom bi, sa Xel mu Sell mi,
Te dinga beesalaat melokaanu suuf si.

Viens Esprit Saint
Remplis le cœur de tes fidèles
Viens Esprit Saint
Allume en eux le feu de ton Amour.
Envoie ton Esprit, Seigneur,
Et tout sera créé
Envoie ton Esprit Seigneur
Et tu renouvelleras la face de la terre.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Toor Tooru Karmel

Texte : Tradition carmélitaine

Musique : Jean Benoît Ndiaye



Tóor-tóoru Karmel
Toolu biiñ bu tóor-tóor
Taaru asamaan
Ndey ji des xeeg
amuloo morom ci jigéen ñi
Ndey ju lewet te laab-a-laab
Wallsil doomi Karmel
Biddéewu géej.

Fleur du Carmel
Vigne fleurie
Splendeur du ciel
Vierge féconde,
Unique entre les femmes.
Mère douce et toute pure
Aux enfants du Carmel sois secourable
Étoile de la mer.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Yàlla rekk a doy

Texte : Sainte Thérèse d'Avila

Musique : fr. Jean Abraham A. A. Faye

H: ocd

Couplet 1

[Soliste] Bu la da-ra di jaa-xal! Bu la da-ra tiit-lo Le-pa da-fay je - ex Yal-la moom du sop-pa - li - ku.

[Chœur B. F.]

Refrain

5

[Sopranos] Yal - la rekk a doy Yal - la rekk a doy

[Alti] Yal - la rekk a doy Yal - la rekk Yal - la re - kk a doy.

5

[Ténors] Yal - la rekk a doy Yal - la rekk a doy Yal - la re - kk a

[Basses] Yal - la rekk Yal - la rekk a doy Yal - la re - kk a

7

Yal - la rekk a doy Yal - la re - kk a doy.

Yal - la rekk a doy Yal - la re - kk a doy.

7

doy. Yal - la rekk Yal - la re - kk a doy.

doy. Yal - la rekk Yal - la re - kk a doy.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021



1. Bu la dara di jaaxal!
Bu la dara tiitlo
Leppa dafay jeex
Yalla moom du soppaliku.

R. Yalla rekk a doy.

2. Soo muñee dinga jot leppa.
Ku am Yalla di anda ak moom.
Du ñakka dara.

R. Yalla rekk a doy.

Que rien ne t'éffraie
Que rien ne t'épouvante
Tout passe
Dieu ne change pas.

Dieu seul suffit.

La patience obtient tout
Celui qui a Dieu
Ne manque de rien

Dieu seul suffit.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Kilee di suma Doom

Texte : Mt 17,5/Saint Jean de la Croix

Musique : Léon Ngom

Refrain

Ki-lee di su - ma Doom, ci moom laa a-me bàn-neex, dég - lu-leen ko, dég-lu-leen ko.

Couplets 1 et 3

7

1. Wax naa lépp ci Kàd - du gi - le di su - ma Doom. Xool ko, moom doŋŋ, ne ko

3. Soo a - jee say gët ci moom, di-nga gis lépp ci moom. Moo di su-ma kàd-du gépp, su - ma

Couplets 2 et 4

11

jàkk, nde - ge ci moom laa teg lép - p.

tont bi bépp, di su - ma pee-ñu bi bépp.

2. Jaa - ra - le ko ci moom laa la wax ak a fee - ña - lal lép-p.

4. Wax naa la lépp, fee - ña - lal la lépp, di la ko may ni sa doo-mu

16

Ci moom di - nga gis lu ëpp li nga më - na bëg - g wal - la ñaan.

Ni sa àn - dan-doo, sa bo - rom, ndo-no ak yool.

baay,

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

« Kilee di suma Doom,
ci moom laa ame bànneex,
dégluleen ko ».

Wax naa la lépp ci Kàddu gile
di suma Doom.
Xool ko, moom doŋŋ, ne ko jàkk,
ndege ci moom laa teg lépp.

Jaarale ko ci moom laa la wax
ak a feeñalal lépp.
Ci moom dinga gis lu ëpp
li nga mëna bëgg walla ñaan.

Soo ajee say gët ci moom,
dinga gis lépp ci moom.
Moo di suma kàddu gi gépp,
di suma tont bi bépp, di suma peeñu bi bépp.

Wax naa la lépp, feeñalal la lépp,
di la ko may ni sa doomu baay,
di sa àndandoo, sa borom,
ndono ak yool.

« Celui-ci est mon Fils Bien-Aimé
en qui j'ai mis tout mon amour,
écoutez-le ».

Je t'ai dit toutes choses dans cette Parole
qui est mon Fils.
Fixe les yeux sur lui seul,
car j'ai tout renfermé en lui.

En lui je t'ai tout dit
et tout révélé.
Tu trouveras en lui au-delà
de ce que tu peux désirer ou demander.

Si tu attaches les yeux sur lui,
tu trouveras tout en lui.
Il est toute ma parole,
toute ma réponse, toute ma révélation.

Je t'ai tout dit et tout manifesté
en te le donnant pour frère,
pour compagnon, pour maître,
pour héritage et pour récompense.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Woy sa yërmande ba fàww

Texte : Sainte Thérèse de l'Enfant Jésus

Musique : Jean Benoit Ndiaye

Refrain

Soliste + Chœur

Ey Yàl - la sa - ma, yaa sut li ma doon séen - tu, bëg-g naa woy sa yër -

man - de ba fàww, bëg-g naa woy sa yër - man - de ba fàww.

Couplets

Soliste

1. Ndax - te da-ma tuu-ti woon te néew doo - le, nga suu - fee-lu dik - ka ba fi man. Jàn-
2. Na - nu doon ay nit ñu ñàk - k xel te Yée - su di-na dik - ka ba ci nun, ak

gal nga ma ci ndéey ay kum - pa ci sa co - feel, fee - ñal nga ci man sa yër - man-de.
lu nu so - re - so - re, di - - na nu sop - pi ay jë - lée - mi co - feel.

Soliste + Chœur

3. Ndax co - feel më-na am bàn - neex, war naa wà-cc ba ca biir la ne wë-yëŋ, dal-di
4. Maa ngiy jéb - ba - lu ci sa Yër-man-de, di la da-gaan nga wéy di ma làk - k, bày-yi

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021



N. B. : Enchaîner les 3ème et 4ème couplets sans retour au refrain.

R. Ey Yàlla sama,
yaa sut li ma doon séentu,
bëgg naa woy
sa yërmande ba fàww.

1. Ndaxte dama tuuti woon te
néew-doole, nga suufeelu dikk ba fi man.
Jàngal nga ma ci ndéey
ay kumpa ci sa cofeel,
feeñal nga ci man sa yërmande.

2. Nanu doon ay nit ñu ñàkk xel
te Yéesu dina dikk ba ci nun,
ak lu nu sore-sore,
dina nu soppi ay jëléemi cofeel.

3. Ndax cofeel mëna am bànneex,
war naa wàcc ba ca biir la ne wëyëŋ,
daldi soppi safara loola ne wëyëŋ.
Naka la suma kóolute
mënee am ay dig ?

4. Maa ngiy jébbalu ci sa Yërmande,
di la dagaan nga wéy di ma làkk,
bàyyi duusi lewetaay
ji dul jeex yi nekk ci man
walangaan ci suma fit.

R. Ô mon Dieu,
tu as dépassé mon attente,
je veux chanter éternellement
ta Miséricorde.

1. Parce que j'étais petite et faible,
tu t'es abaissé vers moi.
Tu m'as instruit en secret
des mystères de ton amour,
tu as fait éclater en moi ta miséricorde.

2. Soyons pauvres d'esprit
et Jésus viendra nous chercher,
si loin que nous soyons,
il nous transformera en flammes d'amour.

3. Pour que l'Amour soit satisfait,
il faut qu'il s'abaisse jusqu'au néant
et qu'il transforme en feu ce néant.
Comment ma confiance
aurait-elle des bornes ?

4. Je m'offre à ton Amour Miséricordieux,
te suppliant de me consumer sans cesse,
laissant déborder en mon âme
les flots de tendresse infinie
qui sont renfermés en toi.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Ci xolu jangu bi di suma ndey

Texte : sainte Thérèse de l'Enfant Jésus

Musique : Norbert A. M. Sene



R./ Ci xolub Jàngu bi di suma ndey,
dinaa doon cofeel.

1. Cofeel rekk a tax céri Jàngu bi di yëngu.
Cofeel dafa ame woote yi yépp, lépp la,
di uuf jamano yi yépp, dafay sax ba fàww.

2. Suma sas wi ma Yàlla woowe, moo di cofeel.
Bëgg naa jériñoo yëf yu tuuti yi yépp,
di leen mottalee cofeel.
Ci mbégte ak ci coono, dinaa woy cofeel.

R./ Dans le Cœur de l'Église, ma Mère,
je serai l'Amour

1. L'amour seul fait agir les membres de l'Église.
L'amour renferme toutes les vocations, il est tout,
il embrasse tous les temps, il est éternel.

2. Ma vocation, c'est l'amour.
Je veux profiter de toutes les petites choses
et les faire par amour.
Dans la joie comme dans la souffrance, je chanterai l'amour.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Ey Yàlla sama Trinite bi

Texte : Sainte Elisabeth de la Trinité

Musique : Abbé Thierry Albert Sene

Refrain

Ey ! Yàl-la sa-ma, Tri-ni-te bi ma sop - pa ___ ak di jaa-mu, su-ma Lép-pa, su-ma

10

Bàn-nee - xub A - sa - maan, maa ngiy jéb-ba - lu ___ tàk-kë ci yow ni sa moo - meel.

Couplets

20

1. Ey! Yow Baay bi, sëp - pul ci sa mbin-deef mu néew te tuu - - ti, ño - wal muur

2. Ey ! Kris - ta bi, sa - ma bi ma sop - pa, sàn - ge ma sa bop - pa, su - ma fit

3. Ey ! Sa - fa - ra siy lakk, Xe-lum Co - feel, wàc - cal ci man, fee-sal ma, ndax mu mel

4. Ey ! Tri - ni - te dim - ba - li ma ma fàtte su - ma bopp ngir dal fi ___ yow, ne tekk, am

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021



R./ Ey ! Yàlla sama,
Trinite bi ma sopp ak di jaamu,
suma Lépp, suma Bànneexub Asamaan,
maa ngiy jébbalu tàkk ci yow ni sa moomeel.

1 Ey! Yow Baay bi,
sëppul ci sa mbindeef mu néew te tuuti,
ñowal muur ko ak sa keppaar,
di ko xoole ni ki nga sopp-a-soppa.

2 Ey ! Krista bi,
sama bi ma soppa, sànge ma sa boppa,
suma fit ànd ak say yëngu-yëngu fit,
suma dunda doon ceeñeeru sa dunda.

3. Ey! Safara siy lakk, Xelum Cofeel,
wàccal ci man, feesal ma,
ndax mu mel ni danga bàyyi Baat bi
yaramuwaat ci suma fit ak doole'm.

4. Ey! Trinite dimbali ma ma fàtte suma bopp
ngir dal fi yow, ne tekk, am jàmm
mel ni suma fit a ngi woon xaat
ca dunda gu dul jeex ga.

R. Ô mon Dieu,
Trinité que j'adore,
mon Tout, ma Béatitude,
je me livre à toi comme ton bien.

1. Ô Père,
penche-toi sur ta pauvre petite créature,
couvre-la de ton ombre,
ne vois en elle que le Bien-aimé.

2. Ô mon Christ aimé,
revêt-moi de toi-même,
identifie mon âme à tous les mouvements de ton âme,
que ma vie ne soit qu'un rayonnement de ta vie.

3. Ô Feu consumant, Esprit d'Amour,
descend sur moi, comble-moi,
afin qu'il se fasse en mon âme
comme une incarnation du Verbe et de sa force.

4. Ô Trinité, aide-moi à m'oublier entièrement
pour m'établir en toi, immobile et paisible,
comme si déjà mon âme
était dans l'éternité.

Ñaan guy wéy

Texte : Sainte Elisabeth de la Trinité
Musique : Norbert A. M. Sene



Naa def suma dund genn ñaan guy wéy,
jëfu cofeel,
bu ma dara mëna teqale ak Moom,
naay dund ci biir àddina si,
bañ cee bokk,
naa doon karmelit ci sama biir xol,
bëgg naa koo doon.

Que je fasse de ma vie une oraison continuelle,
un acte d'amour,
que rien ne me puisse distraire de Lui,
que je vive dans le monde
sans être du monde,
que je puisse être carmélite en dedans,
et je veux l'être.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Jebal naa la suma bopp

Texte : Sainte Thérèse Bénédicte de la Croix - Edith Stein

Musique : Léon Ngom

Refrain

Je - bal naa la su - ma bop - p, Bo - rom bi, woor na ma ne,

7

din'g ma yo - bu fi yow.

Couplet 1

11

Bo-rom bi, may ma may dox ni gum-ba ci yoon yi di say yos. Bëg - gu - maa xam

17

foo may yób - bu. Ndax du - ma sa doom ?

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Couplet 2

22

Yaa di Baa - yu Sa - go si ak su - ma Baay it. Doon-te sax nga yób-bu ma ci

29

biir lën - dë - mug gud - di gi, yaangi may yób-bu ba fi yow.

Couplet 3

35

Borom bi, na ma dal li nga bëg-g : pare naa, doonte sax jotuloo ma suuralal mukk ci su-ma du-nd gii.

38

Yaa di Bo - rom ja - ma - no ji.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

R. Jebal naa la suma bopp, Borom bi,
woor na ma ne, din'g ma yobu fi yow

1. Borom bi,
may ma may dox ni gumba ci yoon yi di say yos.
Bëggumaa xam foo may yóbbu.
Ndax duma sa doom ?

2. Yaa di Baayu Sago si
ak suma Baay it.
Doonte sax nga yóbbu ma
ci biir lëndëmug guddi gi,
yaa ngi may yóbbu ba fi yow.

3. Borom bi, na ma dal li nga bëgg :
pare naa,
doonte sax jotuloo ma suuralal mukk
ci suma dund gii.
Yaa di Borom jamano ji.

4. Defal lépp ni ko Sago si dogale.
Bés boo ma woowee ndànk-ndànk
ci saakërfiisu jébbalu,
dimbali ma ma mottali ko.

R. Je m'offre à toi tout entière, Seigneur,
je suis sûre que tu me conduiras jusqu'à toi.

1. Laisse-moi, Seigneur,
marcher sans voir sur les chemins qui sont les tiens.
Je ne veux pas savoir où tu me conduis.
Ne suis-je pas ton enfant ?

2. Tu es le Père de la Sagesse
et aussi mon Père.
Même si tu me conduis
à travers la nuit,
tu me conduis vers toi.

3. Seigneur, laisse arriver ce que tu veux :
je suis prête,
même si jamais tu ne me rassasies
en cette vie.
Tu es le Seigneur du Temps.

4. Fais tout selon les plans de la Sagesse.
Quand doucement tu appelles
au sacrifice,
aide-moi, oui, à l'accomplir.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

Ci sa lafu yërmande

Prière la plus ancienne connue à la Vierge Marie

Texte : Tradition catholique

Musique :Abbé Thierry Albert Sene



Ci sa lafu yërmande nu ngiy làqu,
Ndeyu Yàlla ju sell ji.
Bul gantu ñaan yi nu lay dagane
ngir sunuy soxla,
te musal nu, saa su nekk,
ci bépp musi ba,
Xeeg bu màgg bi te texe.

Sous ta protection, nous nous réfugions,
Sainte Mère de Dieu.
Ne refuse pas les prières
que nous t'adressons dans la détresse,
Mais de tout danger,
Délivre-nous toujours,
Vierge glorieuse et bénie.

© Frères Carmes de Ndiaffate 2021

TABLE DES MATIERES

Ñowal xel mu sell mi/Viens Esprit Saint	2
Tóor-tóoru Karmel/Fleur du Carmel	3
Yàlla rekk a doy/Dieu seul suffit	4
Kilee di suma doom/Celui-ci est mon Fils	6
Woy sa yërmande ba fàww/Chanter éternellement ta miséricorde	8
Ci xolub Jàngu bi/Dans le cœur de l'Eglise	10
Ey ! Yàlla sama, Tirinite bi ma sopp ak di jaamu/Ô mon Dieu Trinité que j'adore	11
Ñaan guy wéy/Oraison continuelle	12
Jebal naa la/Je m'offre à toi	14
Ci sa lafu yërmande/sous l'abri de ta protection	17

NB : Les partitions des chants Ey ! Tàkk-tàkku cofeel buy dund et Dunde cofeel (chants n°5 et 8 du CD *Toor tooru Karmel*) ne sont pas disponibles.